# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–27 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

भारी बरखा से राज्य के कई हिस्सा में जन जीव अस्त व्यस्त हो गइल हौ। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटा में राज्य के कई हिस्सा में भारी से बहुते भारी बरखा क अलर्ट जारी कइले हौ। आकाशवाणी संवाददाता बतउलें हवें कि राज्य क मध्य पूर्वांचल आ तराई क कई जिला में काल्हि से भारी बरखा हो रहल हौ। कई जिला में कक्षा अटवी तक क स्कूल आजु अउर बिहने बदे बंद कइल दिहल हौ। राज्य में बरखा से जुड़ल हादसा में कम से कम पांच लोगिन क माउति हो गइल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अधिकरियन के मूसलाधार बरखा के देखत सावधान रहले के कहले हवें। ओहर आकाशवाणी समाचार से बतियावत लखनऊ मौसम केन्द्र के वैज्ञानिक मोहम्मद दानिस बतउलें कि अगिला दुई दिन्न ले बरखा जारी रह सकेला अउर एकर कारण मध्य प्रदेस में बनल कम दबाव क क्षेत्र हौ जउन उत्तर प्रदेस के मध्य क्षेत्र की ओर बढ़ि रहल हौ।

***आने वाले दो दिनो में प्रदेश में अच्छी बारिश की संभावना है जो कल का जो है पूरे सेंट्रल उत्तर प्रदेश में स्पेशली जो तराई बेल्ट है नेपाल से सटे हुए जिलों में वहां भारी बारिश का अलर्ट है बाकी जो सेंट्रल पार्ट है वहां मध्यम बारिश का संभावना हैं तो ये कल और परसों दो दिन जारी रहेगा। उसके बाद फिर मामला धीरे धीरे थोड़ा कम होता चला जाएगा।***

**********

ग्रेटर नोएडा में यूपी इंटरनेशनल ट्रेड शो क आजु तिसरका दिन हौ। आजु एहमें भारतीय निर्यातकन के सामने चुनौती बिसय पर चरचा भइल, जेहमें प्रदेस सरकार क मंत्री राकेश सचान अउर नंद गोपाल गुप्ता नंदी निर्यातकन के दीहल जा रहल प्रोत्साहन क जनकारी दिहलें। कैबिनेट मंत्री राकेश सचान कहलें कि दुइ हजार सतरह में प्रदेस क निर्यात अट्ठासी हजार करोड़ रूपिया रहे जवन अब बढ़ि के एक लाख सत्तर हजार करोड़ रूपिया हो गइल हौ। येह बिच्चे लगतारे तिसरको दिन्ने प्रदेस क ओडीओपी अउर एमएसएमई उत्पाद क स्टॉल लोगिन बदे आकरसण क केन्द्र बनल हौ।

**********

आजु विश्व पर्यटन दिवस मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर प्रदेस के कई जिला में कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। झांसी में प्रदेस क पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह बिसेस कार्यक्रम क सुरूआति कइलें, जवन येह क्षेत्र में पर्यटन क सम्भावना के बढ़ावे बदे आयोजित कइल गइल। येह मौका पर पर्यटन मंत्री, पर्यटन से जुड़ल उद्यमियन के सम्मानित कइले के सथहीं पर्यटन साहित्य क बिमोचन आ चित्रकूट क मोबाइल ऐपो के लांच कइलें। चित्रकूट में आजु दुइ सौ स्कूली लइकन अउर पर्यटकन के रामायण दरसन शो फिरी में देखावल गइल।

ओहर बनारस में डीएम  यश राज लिंगम क अगुआई में टूरिज्म गिल्ड की ओरि से होटल ताज से वरूणा पुल ले पर्यटन पद यात्रा निकारल गइल। गोरखपुर में बाबा गम्भीरनाथ पेक्षागृह में आयोजित कार्यक्रम क उद्घाटन डॉक्टर मंगलेश श्रीवास्तव कइलें। येह मौका पर पर्यटन पर आधारित कई प्रतियोगिता के विजेता लइकन के ईनामो दीहल गइल।

**********

कोरिया क मसहूर कलाकार औरा क अगुआई में छौ लोगिन क टीमि भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर आइल हौ। टीमि में तीनि कोरिया क अउर तीनि भारत क कलाकार हवें। ई टीमि प्रदेस में बौद्ध तीर्थ स्थलन क भ्रमण कइ के लोगिन के इतिहास के प्रति जागरूक करावे बदे निकरलि हौ।

**********

दुइ अक्टूबर के महराजगंज जिला क स्थापना दिवस के मौका पर एक अक्टूबर से तीनि अक्टूबर ले महराजगंज महोत्सव आयोजित कइल जाई। येह बारे में डीएम अनुनय झां बतवलें कि महराजगंज महोत्सव में लोकल कलाकारन के सथहीं राष्ट्रीय अउर अन्तर्राष्ट्रीय कलाकार सांस्कृतिक कार्यक्रम प्रस्तुत करिहें।

**********

उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु मिर्जापुर के पड़री में स्वंय सहायता समूह के कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के स्वयं सहायता समूहन से जुड़ल कई गो महिला लोगिन के सम्मानितो कइलीं। कार्यक्रम में प्रदेस सरकार क मंत्री असीम अरूण अउर संजीव कुमार गोंड मौजूद रहलें।

**********

भारत अउर बांग्लादेश क क्रिकेट टीमि के बिच्चे दुइ मैचन क सिरीज क आखिरी टेस्ट मैच कानपुर के ग्रीन पार्क स्टेडियम में आजु से सुरू भइल। पहिला दिन क खेलि में बरखा से रूकावट के नाते खाली पैंतीस ओवर क खेलि भइल। पहिला दिन के खेलि रूकले ले बांग्लादेस तीनि विकेट के नोकसान पर एक सौ सात रन बना लेहले रहे। सिरीज क पहिलका मैच जीति के भारत बढ़त बना चुकल हौ।

**********

हज कमेटी ऑफ इण्डिया हज यात्रा दुइ हजार पचीस बदे ऑनलाइन आवेदन क आखिरी तारीख के तेइस सितम्बर से बढ़ा के तीस सितम्बर कइ दीहल गइल हौ। हज यात्रा बदे आवेदक के लग्गे अन्तर्राष्ट्रीय पासपोर्ट क बैधता पनरह जनौरी दुइ हजार छब्बीस ले होखल जरूरी हौ।

**********